



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO DEMANN ENÈJI RENOVLAB A GRAN ECHÈL POU LIVRE ENÈJI PWÒP NAN ETA A

Pwopozisyon final pou gwo pwojè enèji renouvlab ki baze sou tè a ap bout nan mwa out 2024 la

Sipòte pwogrè nan direksyon objektif Lwa sou Klima New York la pou jwenn 70 pousan elektrisite li ki soti nan sous enèji renouvlab yo rive 2030

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo demann enèji renouvlab a gwo echèl pou bay Nouyòkè yo elektrisite pwòp. Bati sou [Plan Aksyon 10 Pwen New York](#), demann sa a ap chèche pwopozisyon pou devlopman nouvo pwojè enèji renouvlab sou tè a gwo echèl ki prevwa estimile plizyè milya dola nan investisman enèji pwòp epi kreye plizyè milye djòb ki soutni fanmi nan ekonomi vèt Eta a. Anons jodi a sipòte pwogrè nan reyalize objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou jwenn 70 pousan elektrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo anvan 2030.

"New York ap konstwi yon ekonomi enèji pwòp ki pral pèmèt nou bese emisyon drastikman pandan y ap kreye plizyè milye nouvo djòb ki byen peye, ogmante milya dola nan kwasans ekonomik, epi ankouraje yon enjeyon investisman prive nan kominote lokal nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè yo chwazi yo, pwojè sa yo pral ede akselere misyon nou pou alimente eta nou an ak elektrisite abòdab, fyab, zewo emisyon nan avantaj tout Nouyòkè yo."

Solisitasyon konpetitif la, ki administre pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), se dènye nan yon seri akizisyon pwojè renouvlab ki baze sou tè a gwo echèl. Nan kad demann sa a, NYSERDA te enkli dispozisyon kle ki soti nan dènye seri akizisyon enèji renouvlab yo tankou endeksasyon enflasyon, dispozisyon pou travay, egzijans pou angajman moun ki gen enterè yo, nouvo egzijans ki mete aksan sou enpòtans rezistans klimatik nan konsepsyon pwojè yo, angajman kominote ki defavorize yo, prezèvasyon tè agrikòl yo, ak priyorite ki gen rapò ak yo pou kenbe objektif politik yo prezante nan demann anvan yo pou asire yon tranzisyon enèji ekitab. Eleman sa yo dekri nan dokiman demann yo epi yo fèt pou sipòte devlopman ak konstriksyon anpil pwojè enèji renouvlab ki gen matirite, nan yon stad avanse k ap chèche kòmanse eksplwatasyon akoutèm.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Nan avanse pwojè enèji renouvlab ki baze sou tè a, New York ap fè eta nou an avanse rapidman kòm yon lidè nan tranzisyon nan enèji fyab ak pwòp. NYSERDA rete angaje pou ranfòse filyè enèji renouvlab nou an ak pou bay plis kantite elektisite renouvlab pou ranfòse rezo nou an nan tan k ap vini an ankò."

Pwosesis pou soumèt pwopozisyon nan demann pou enèji renouvlab ki baze sou tè a pral fèt an de etap, ak kondisyon elijiblite yo ki bout **15 jiyè 2024**, pou konfime ke pwojè ki enterese yo elijib pou apèldòf, epi pwopozisyon final yo bout **8 out 2024**. Gen plis detay sou demann enèji renouvlab ki baze sou tè a ki disponib nan [Paj Solitasyon Enèji Renouvlab a Gwo Echèl la](#) sou sitwèb NYSERDA. Yo prevwa notifikasyon kondisyonèl pou pwopozisyon yo chwazi yo an septanm 2024.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Sektè enèji pwòp New York la pa sèlman la pou kreye yon anviwonman dirab; li la tou sou bati yon mendèv solid ak rezistan ki ka pwospere nan ekonomi vèt la. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul la, inisyativ tankou demann enèji renouvlab a gwo echèl sa a enpòtan anpil pou mennen kwasans ekonomik, ankouraje inovasyon, ak bay plizyè milye travay ki soutni fanmi."

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "Atravè lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye avanse efò estratejik li yo pou atenn objektif enèji renouvlab nou yo nan kad Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a epi kreye ekonomi enèji pwòp alavni. Anons jodi a demontre angajman Eta a pou elaji pwojè ewolyèn ak solè a gwo echèl epi redwi depandans nou sou konbistib fosil, sa k ap ede asire yon anviwonman ki pi pwòp ak an sante pou jenerasyon k ap vini yo."

Delege Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Department of Agriculture and Markets), Richard A. Ball te deklare, "Anons jodi a sou nouvo demann enèji renouvlab a gwo echèl se yon etap enpòtan nan tranzisyon New York nan enèji pwòp, ki pral prezève resous natirèl nou yo epi ede New York atenn objektif klima anbisyè li yo. Avèk dispozisyon kle ki enkli pou prezèvasyon tè agrikòl, Plan 10 Pwen NYSERDA a pral ede Eta a bay yon fondasyon pou yon ekonomi ki pi vèt pandan y ap asire nou pwoteje tè agrikòl nou yo."

Senatè Kevin Parker, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon Sena (Senate Energy and Telecommunications Committee), te deklare, "Anons Gouvènè Hochul sou nouvo demann enèji renouvlab a gwo echèl make yon etap enpòtan nan angajman New York pou yon avni dirab. Lè nou akselere tranzisyon nou an nan enèji ewolyèn ak solè, nou pa sèlman avanse nan direksyon objektif anbisyè Lwa Klima nou an ki gen 70 pousan elektisite renouvlab dis 2030, men tou n ap ankouraje kwasans ekonomik ak kreye djòb vèt atravè eta a. Inisyativ sa a reyafime lidèchip New York nan konbat chanjman klimatik epi li bay yon egzanp pwisan pou lòt eta yo suiv."

Senatè Eta a, Peter Harckham, te deklare, "Mèsi, Gouvènè Hochul, paske w ap trase demann sa a pou avanse objektif enèji pwòp New York yo. Egzekitif la ak Lejislati a ap travay ansanm pou bati yon avni dirab atravè enèji pwòp renouvlab. Li enpòtan pou sonje ke yon kilowat enèji pwòp kounye a pi bon mache pou pwodwi pase yon kilowat enèji ki baze sou kabòn. Avèk gwo pwojè enèji renouvlab sa yo, n ap abòde chanjman klimatik, n ap ekonomize lajan kontribyab yo epi n ap kreye nouvo djòb vèt."

Manm Asanble Deborah Glick te deklare, "Kòm chalè ete a deja sou nou, pa gen anyen ki ka fè li pi klè ke nou pa gen tan pou pèdi nan pwodui plis nan elektrisite nou an apati sous renouvlab yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li pouswiv yon plan agresif pou fè nou soti nan depandans nou sou elektrisite ki mache ak gaz fosil. Eta New York ta dwe kontinye dirije epi avèk angajman Gouvènè a, nou pral wè tranzisyon an nan yon anviwonman ki pi pwòp ak ekspansyon enèji renouvlab la."

Marguerite Wells, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Devlopè enèji renouvlab prive yo pare epi yo dispoze envesti plizyè milya dola nan New York, pou bay travay ak revni taks pou minisipalite lokal nou yo. Nou espere anpil bon jan kalite repons pou RFP sa a, epi nou pa ka tann NYSERDA akòde pwojè ki pral konstwi rapidman pou pote benefis pou Nouyòkè yo pi vit posib."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe te deklare, "Pandan n ap antre nan sa ki prevwa yon lòt ete ak alèt sou chalè ak bon jan kalite lè rekò, bezwen ijant pou atake kriz klimatik la pa janm te pi evidan. Li lè pou fè tranzisyon sou konbistib fosil yo epi delivre enèji pwòp, epi demann sa a pral ede fè sa. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou pwogrè sa a, paske plis pwojè enèji solè ak ewolyèn ki baze sou tè a vle di mwens emisyon gaz efè sè ak pi bon kalite lè pou Nouyòkè yo."

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Anons jodi a se yon etap enpòtan pou atenn objektif enèji pwòp New York yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA paske yo asire pwojè yo pral sijè a estanda travay ki etabli presedan ak pwoteksyon. Nou pa ka tann pounou travay ansanm pou asire aplikasyon maksimòm estanda sa yo ansanm ak egzijans ak preferans kontni domestik ak New York pou nou kreye karyè pou soutni fanmi pandan n ap konstwi avni enèji pwòp New York la."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building Trades) la, te deklare, "Pandan New York ap kontinye pouswiv objektif enèji CLCPA etabli yo, nou dwe kontinye pouse devlopman ewolyèn ak solè a gwo echèl ki jenere plizyè milye karyè sendika pou soutni fanmi ak stimilis ekonomik nan kominote lokal nou yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kontinye pouse inisyativ sa yo ki pral sipòte livrezon enèji fyab, renouvlab pou plis Nouyòkè epi amelyore kondisyon lavi nan eta nou an pou jenerasyon k ap vini yo. Manm nou yo ap tann pou yo gen opòtinite pou kontribiye nan pwojè sa yo epi pouswiv chemen ki mennen nan klas mwayèn yap trase pou yo."

Direktè Konsèy Defans Resous Nasyonal (Natural Resources Defense Council) la, Jackson Morris, te deklare, "Lanse pwosesis demann 2024 pou nouvo pwojè enèji renouvlab a gwo echèl, ak pwopozisyon ki gen pou bout nan mwa out 2024, bati sou momanntòm ki soti nan rekonpans ki pote siksè enèji ewolyèn bò kot yo pou Empire Wind 1 ak Sunrise Wind epi li bay yon opòtinite enpòtan pou ranplase pwojè yo anile pou New York rete sou wout pou l atenn objektif anbisyè nou an ki se 70% elektrisite renouvlab dis 2030. Akselere pwojè renouvlab sa yo souliye angajman New York pou yon avni enèji pwòp epi li pral pote lè pi pwòp, pi bon travay, ak yon anviwonman ki pi an sante pou tout Nouyòkè yo."

Moira Cyphers, ki se Direktè Zafè Rejyon Lès Asosyasyon Enèji Pwòp Ameriken (American Clean Power Association) an, te deklare, "Nou felisite NYSERDA pou repons ak efò aktif yo pou kenbe objektif enèji pwòp Eta New York sou bon wout la. Lidèchip Gouvènè Hochul la esansyèl nan kondwi pwogrè enpòtan pou akselere yo pwokire enèji pwòp ki pral atire nouvo opòtinite investisman ak kreye travay ki byen peye atravè eta a."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment) an, Adrienne Esposito, te deklare, "Anons eksitan Gouvènè Hochul se yon lòt ogmantasyon pou sektè enèji renouvlab New York la! Nou pral atenn objektif Lwa Klima sou enèji renouvlab eta a sèlman lè nou avanse nouvo pwojè ewolyèn ak solè a gwo echèl. Vag chalè semèn sa a nan mitan mwa jen an se yon lòt endikatè klè sou enpak chanjman klimatik atravè New York ki te koze pa depandans kontinyèl nou sou konbistib fosil sal. Nou dwe fè tranzisyon pwodiksyon enèji nou yo ak pwojè enèji ewolyèn ak solè ki baze sou tè a se yon eleman kle nan tranzisyon sa a. Anons jodi a montre angajman eta a pou bay tout rezidan enèji pwòp abòdab pandan y ap konbat chanjman klimatik, sa k ap ranfòse ekonomi an, ak kreye plizyè milye djòb vèt. Avni enèji pwòp New York l ap parèt briyan."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Endistri Enèji Solè New York (New York Solar Energy Industries Association, NYSEIA), Noah Ginsburg, te deklare, "Pandan Nouyòkè atravè eta a ap goumen ak chalè ekstrèm ak fakti elektrik k ap monte, akselere deplwaman enèji renouvlab pa janm te pi ijan. Asosyasyon Endistri Enèji Solè New York la bat bravo pou NYSERDA ak Gouvènè Hochul pou angajman yo pran pou reyalize enèji pwòp ak manda ekite nan Lwa Klima a. Ogmante deplwaman solè se yon baz pou tranzisyon enèji New York la, epi konpayi manm nou yo ak mendèv solè yo pare."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, NYCI) ak lòt

politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030. ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plise pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)